



Itangazo : 08/05/2015

Itangazo ry'Umushikirizamanza Mukuru wa Sentare Mpanavyaha Mpuzamakungu, Fatou Bensouda, ku kibazo c'intureka nshasha kubera amatora ari hafi kuba.

Ku minsi ya 26 Rusama na 26 Ruheshi 2015, Abarundi bazotora abashingamateka n'umukuru w'igihugu. Ndafise impungenge kubera umwuka urushaho kuba mubi mu gihugu, kandi bikaba vyibonekeza ko intureka zishobora kiyongera, na zo kandi zikaba zotuma hakorwa ivyaha bikomeye Sentare Mpanavyaha Mpuzamakungu (CPI) ijewe gukwirikirana.

Igihugu c'Uburundi kiri mu Masezerano ya CPI kuva mu mwaka wa 2004. Iyo Sentare yashizwe ho kugira ngo icire imanza abantu bagirizwa ivyaha bihambaye biraba Umuryango Mpuzamakungu muri rusange, ari vyo vyaha vy'agahomerabunwa, ivyaha vyo mu ngwano n'ihonyabwoko, hamwe igihugu kibijewe kitabikoze. Nk'uko vyibonekeje muri Kenya canke muri Côte d'Ivoire, iyo imitima y'abantu yazimiye, igikorwa c'amatora kirashobora gukwegwa vya vyaha ruhonyanganda CPI yemerewe gukwirikirana. Bibaye gutyo, ibiro nserukira ntibizoteba gutangura itohoza rishingiye ku mabwiriza bihabwa n'Amasezerano y'i Roma.

Umuntu wese yosha abandi gukora ivyaha ruhonyanganda canke we nyene akabikora, haba mu gutanga amabwiriza, gusaba canke gushigikira abakora ivyaha CPI yemerewe gukwirikirana, haba mu gushoboza ikorwa ry'ivyo vyaha mu buryo ubwo ari bwo bwose, azobibazwa imbere y'iyi Sentare. Abayobozi b'igihugu ni bo ba mbere bategezwa gutohoza no gukwirikirana abakoze ivyaha ruhonyanganda. Ariko ivyo bitabaye, ntihazogire uwiyumvira ko ntiyemeje gutohoza no gukwirikirana ababikora.

Yamara intureka zituruka ku matora si ikintu kitokwirindwa. Amatora yabaye mu minsi iheze muri Nigéria yerekanye ko bishoboka kwirinda intureka zihambaye iyo abitoza bafise ku mutima ubushake bwo gukoresha amatora mu mutekano. Abayobozi b'Uburundi na bo bategezwa gukora ibishoboka vyose kugira ngo amatora azobe mu mutuzo, kandi abanywanyi babo birinde gukora ikibi mu gihe c'amatora, mbere yayo na nyuma yayo.

Mu kubahiriza amabanga bihabwa n'Amasezerano y'i Roma, ibiro nserukiye bizobandanya gukwirikiranira hafi ibibera i Burundi mu ndwi zizoza, kandi bizobika ibimenyetso vyose biraba abosha abandi gukora ikibi n'abazogikora.

Ibiro vy'Umushikirizamanza Mukuru wa CPI biratohoza kandi bigakwirikirana ivyaha vy'ihonyabwoko, ivyaha vy'agahomerabunwa n'ivyaha vyo mu ngwano, mu bwigenge no kutabogama. Muri iki gihe, iryo tohoza ririko rirakorwa aha hakwirikirana : Ubuganda, Repubulika Iharanira Intwari Rusangi ya Kongo, Darfur (Sudani), Repubulika ya Afurika ya Hagati, Kenya, Libiya, Côte d'Ivoire na Mali. Ahandi na ho biracabaririkiza ku vyabaye muri Afghanistan, Colombia, Géorgie, Guinée, Honduras, Iraq, Nigéria, Ukraine na Palestine.

Amajwi n'amasanamu

- Amajwi

Mu Icongereza, [fyonda ngaha.](#)

Mu Igifaransa, [fyonda ngaha.](#)

Mu Ikirundi, [fyonda ngaha.](#)

- Videwo

Mu Icongereza, [fyonda ngaha.](#)

Mu Igifaransa, [fyonda ngaha.](#)

Mu Ikirundi, [fyonda ngaha.](#)

- YouTube: https://www.youtube.com/watch?v=GNpd6Oj_RWI&feature=youtu.be

Isoko : Ibiro vy'Umushikirizamanza Mukuru | otpnewsdesk@icc-cpi.int
